

AKSÈ AK EDIKASYON NAN CHILI POU TIMOUN AK ADOLESAN MIGRAN YO

Nan Chili, tout timoun ak adolesan migran gen dwa pou yo jwenn edikasyon, san konsidere nasyonalite oswa sityasyon migratwa yo, kit li regilye oswa iregilye. Dwa sa a enkli aksè nan lekòl nan menm kondisyon ak timoun chilyen, epi yo gen dwa pou yo resevwa benefis tankou pas lekòl, asirans, manje lekòl ak liv edikatif.

Sistèm edikatif nan Chili divize an kat nivo prensipal:

Edikasyon Timoun piti (Parvularia):

Li se opsyonèl, eksepte nivo Kinder ki obligatwa.

Li gen ladan:

- Sal Pepinyè: soti nan 85 jou nesans rive 2 ane
 - Nivo Mwayen: 2 a 4 ane
 - Tranzisyon: 4 a 6 ane
- Jaden timoun JUNJI ak INTEGRA yo se piblik e yo gratis.

Edikasyon Fondamantal (Básica):

Li Obligatwa, soti nan 1yèm rive nan 8yèm ane, divize an de sik. Lekòl piblik ak lekòl ki resevwa sibvansyon yo gratis epi yo pa ka chwazi elèv yo.

Edikasyon Segondè (Media):

Li Obligatwa, soti nan 1^o rive nan 4yèm ane segondè. Etablisman yo dwe anrejistre nan Sistèm Admisyon Eskolè (SAE), yo gratis epi yo pa fè seleksyon.

Edikasyon Siperyè:

Opsyonèl, gen ladan etid inivèsite (8 semès oswa plis) ak etid teknik (mwens pase 8 semès).

Kijan pou enskri nan Jaden Timoun Piblik

JUNJI ak INTEGRA pèmèt enskripsyon timoun migran san konsidere sityasyon migratwa paran oswa moun ki okipe timoun nan.

Dokiman nesèsè yo:

Pou JUNJI:

- Dokiman nesans timoun nan
- Kat idantite, DNI, oswa paspò paran oswa moun k ap pran swen li an, san konsidere sityasyon migratwa yo.

Pou INTEGRA:

- Dokiman nesans timoun nan
- Sètifika kontwòl medikal ki soti nan CESFAM
- Rejis Sosyal Kay (RSH) ke w ka mande nan minisipalite kote ou rete

Gen peryòd ofisyèl ant novanm ak janvyè, epi tou nan mwa mas, men ou ka fè demann pandan tout ane a selon kantite plas ki disponib.

Kenbe nan tèt

Timoun nan fanmi migran yo gen priyorite nan jaden timoun JUNJI si gen plas.



► Postilasyon nan Edikasyon Fondamantal ak Segondè

Tout fanmi, kit yo chilyen oswa migran, dwe postile atravè Sistèm Admisyon Eskolè (SAE). Si timoun nan pa gen yon Dokiman Idantite Chilyen, ou dwe mande yon *Identificador Provisorio Escolar (IPE)* ak yon *Identificador Provisorio de Apoderado/a (IPA)* pou moun k ap pran swen an.

► Gid pou mande IPE/IPA:

1. Ale sou sit www.ayudameduc.cl
2. Klike sou “Trámites” epi apre sa “Trámites en Línea”
3. Klike sou “Solicitud de Identificador Provisorio (IPE) e Identificador Provisorio (IPA)” epi apre sa sou bouton “ir a trámites”
4. Lè yo ba ou IPE/IPA, ou kapab postile pitit ou nan SAE

Pou mande IPE/IPA yo ap mande dokiman idantite oswa paspò timoun nan ak paran oswa moun k ap pran swen an.

Nòt: IPE/IPA sa yo sèlman sèvi pou sistèm edikatif la e yo pa pèmèt lòt pwosedi legal.

Yon fwa timoun nan anrejistre nan sistèm nan, li enpòtan pou kòmanse pwosesis regilarizasyon migratwa li atravè pòtal Migrasyon, epi mande Pèmi Rezidans Tanporè pou Rezon Imanitè pou Timoun ak Adolèsan.

Kalandriye lekòl 2026

- 5 - 28 out: Peryòd prensipal postilasyon
- 15 - 21 oktòb: Rezilta peryòd prensipal
- 29 - 30 oktòb: Rezilta lis atant yo
- 12 - 19 novanm: Peryòd postilasyon siplemantè
- 2 desanm: Rezilta postilasyon siplemantè

Tout rezilta yo ka revize sou platfòm SAE ak IPE ak modpas ki koresponn lan.

Vwa ou enpòtan!

Pa bliye, tout moun migran yo gen dwa , menm lè yo ap chèche edikasyon pou pitit yo